

Administrasyon Sekirite Sosyal

Enfòmasyon ki enpòtan



**LÈT AKONPAYMAN SA A SE POU BAY ENFÒMASON SÈLMAN.
PA RANPLI PAJ KI ANNAPRÈ YO. SE PA YON FÒM APLIKASYON**

Ou ka elijib pou resevwa èd siplemantè pou peye pou medikaman doktè preskri ou.

Pwogram Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon ba ou yon chwa plan preskripsyon k ap ofri w divès kalite pwoteksyon. An plis, ou ka an mezi pou resevwa èd siplemantè pou peye prim chak mwa, franchiz anyèl, ak kopeman ou ki asosye avèk pwogram Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon

Men, anvan nou ka ede w, **ou dwe ranpli fòm aplikasyon an, mete li nan anvlòp ou jwenn nan, epi poste li jodi a.** Oswa ou kapab ranpli yon fòm aplikasyon sou Entènèt nan **www.socialsecurity.gov**. N ap revize aplikasyon ou epi n ap voye yon lèt ba ou pou fè w konnen si w kalifye pou resevwa èd siplemantè. Pou itilize èd siplemantè a, ou dwe enskri nan yon plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon.

Si w bezwen èd pou w ranpli fòm aplikasyon an, rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**). Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan sit wèb **www.socialsecurity.gov**.

Ou ka jwenn èd pou pri Medicare nan Pwogram Epay Medicare la nan eta kote ou abite a. Lè ou ranpli fòm sa a, ou komanse pwosesis aplikasyon ou pou Pwogram Epay Medicare. N ap voye enfòmasyon ou bay eta a k ap kontakte w pou ede ou aplike pou Pwogram Epay Medicare a amwenske ou di nou non lè ou reponn kesyon 15 nan fòm sa a.

Si ou bezwen enfòmasyon konsènan Pwogram Epay Medicare a, plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon oubyen pou ou enskri nan yon plan, rele **1-800-MEDICARE** (TTY **1-877-486-2038** oubyen vizite **www.medicare.gov**). Ou ka mande enfòmasyon konsènan fason pou ou kontakte Pwogram Eta pou Asistans Asirans Medikal (State Health Insurance Assistance Program (SHIP)) SHIP ofri èd pou kesyon Medicare ou.

Silvoulè poste aplikasyon ou jodia.

Michael J. Astrue
Commissioner

Enstwiksyon jeneral pou Ranpli Fòm Aplikasyon pou Èd avèk frè Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon



Si w ap ede yon lòt moun avèk aplikasyon sa a. _____

Reponn kesyon yo kòm si se moun nan k ap ranpli aplikasyon an. Ou dwe konnen nimewo Sekirite Sosyal moun nan ak enfòmasyon finansyè. Epi, ranpli Section B nan paj 6.

Èske ou genyen Medicare ak Supplemental Security Income (SSI) (Revni Sekirite Sipleman) oswa Medicare ak Medicaid?

Si repons lan se WI, pa ranpli fòm aplikasyon sa a paske w ap resevwa èd sipleman a otomatikman.

Èske pwogram Medicaid nan eta ou peye prim Medicare ou paske ou patisipe nan Pwogram Epay Medicare?



Si repons lan se WI, kontakte office Medicaid eta ou pou plis enfòmasyon. Ou ka jwenn Èd Sipleman a otomatikman epi ou ka pa bezwen ranpli aplikasyon sa a.

Kòman Pou Ranpli Fòm Aplikasyon Sa a _____

- Sèvi ak LANK NWA oswa sèlman;
- Kite chif yo, lèt yo ak X yo andedan kaz yo; itilize lèt MAJISKIL sèlman;
- Pa ekri okenn remak alamen nan aplikasyon an;
- Pa itilize siy dola lè w ap antre kantite lajan yo; epi
- Santim yo ka awondi pou rive nan dola antyè ki pi pre a.

EGZANP

Mete yon X nan kaz la. PA ranpli kaz yo oswa pa fè ti kwa andedan.

 **KÒRÈK** |  **PA KÒRÈK**

Egzanp:

Itilize lèt majiskil lè w ap mete repons yo

A	B	C	D
---	---	---	---

Ranpli Aplikasyon Ou _____

Ou ka ranpli fòm aplikasyon an sou Entènèt nan sit wèb www.socialsecurity.gov oswa itilize anvlòp ou jwenn nan ki tou gen adrès retou ak tenb lan epi retounen aplikasyon ou ki ranpli epi siyen nan:

Social Security Administration
Wilkes-Barre Data Operations Center
P.O. Box 1020
Wilkes-Barre, PA 18767-9910

Retounen tout pake a nan anvlòp ou jwenn nan. Pa mete oken lòt bagay nan anvlòp la. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap kontakte w.

REMAK: Pou aplike, ou dwe ap viv nan youn nan 50 eta yo oubyen nan District of Columbia.

Si ou gen kesyon oubyen ou bezwen èd pou ranpli aplikasyon sa a.

Ou ka rele gratis nan 1-800-772-1213, oubyen si ou soud oswa malantandan, ou ka rele nimewo TTY nou, 1-800-325-0778.



Aplikasyon Pou Jwenn Èd nan Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon

SA A SE YON FÒM APLIKASYON POU ED SIPLEMANTÈ EPI LI PA ENSKRI OU NAN PLAN MEDICARE POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON

1. **Non Aplikan an: Ekri non an an Majiskil jan li ye sou kat Sekirite Sosyal. Sèvi ak yon kare pou chak lèt.**

PRENON

DEZYÈM PRENON

NON FANMI

SIFIKS (Jr., Sr., elatriye)

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL MOUN KI APLIKE A DAT MOUN KI APLIKE A FÈT (MWA-JOU-ANE)

2. Si w **marye epi w ap viv avèk mari oswa madanm ou**, tanpri bay enfòmasyon sa yo pou mari oswa madanm ou **jan sa parèt nan kat Sekirite Sosyal yo**. Si w pa marye oswa si w p ap viv avèk mari oswa madanm ou, ou pa bezwen reponn kesyon 3 a epi pa mete okenn enfòmasyon konsènan mari oswa madanm ou nan fòm aplikasyon sa a.

PRENON

DEZYÈM PRENON

NON FANMI

SIFIKS (Jr., Sr., elatriye)

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL KONJWEN OU. DAT KONJWEN AN FÈT (MWE-JOU-ANE)

Si mari oubyen madanm ou genyen medicare, èske li ta renmen aplike pou Èd Siplemanntè tou? **WI** **NON**

3. Si w **marye epi w ap viv ansanm avèk mari oswa madanm ou**, èske ou genyen epay, envetisman oswa byen imobilye ki vo plis pase \$25,260? Si w se yon selibatè oswa ou p ap viv ak madanm oswa mari ou p ap viv avèk ou, èske valè a plis pase \$12,640? **PA mete kay kote w ap viv, oto ou, byen pèsònèl, kav pou antèman, kontra antèman ki pa revokab ou oswa peman Sekirite oswa SSI ki poko vin jwenn ou.**

 WI

Si w mete yon nan kaz **WI** a, ou pa kalifye pou èd siplemanntè a. Men eta kote ou abite a kapab ede ou ak pri Medicare ou atrave Pwogram Epay Medicare yo. Pou ou komanse pwosesis aplikasyon pou Pwogram Epay Medicare la, sote paj 6, siyen aplikasyon an epi retounen li ban nou. Si ou pa enterese nan Pwogram Epay Medicare a, sote ale nan kesyon 15 nan paj 5.

 NON oswa **PA SÈTEN**

Si w mete yon nan kaz **NON** oswa nan kaz **PA SÈTEN**, ranpli rès fòm aplikasyon sa a epi retounen li ba nou.



Si w mete yon X nan kaz NON oswa nan kaz PA SÈTEN nan kesyon 3, reponn tout kesyon sa yo. Si w marye epi w ap viv avèk mari oswa madanm ou, ou dwe reponn tout kesyon pou ou menm ak pou li.

4. Tanpri mete kantite lajan ki nan kont labank ou, envestisman oswa lajan kach ou, mari oswa madanm ou, si w marye epi n ap viv ansanm oswa nou toulède posede yo. Ajoute atik nenpòt nan nou posede avèk yon lòt moun. Mete sèlman kantite dola yo pa mete nimewo kont yo. Si ou menm oswa mari oswa madanm ou pa posede yon atik ki nan lis la, swa apa, ansanm oswa avèk yon lòt moun, mete yon nan kaz OKENN nan. PA mete lajan Sekirite Sosyal oswa SSI te dwe w epi yo voye ba ou nan 10 mwa ki sot pase yo.

• Total tout kont bank ou yo (kont chèk, kont-depay ak sètifika depo)	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Total tout Aksyon, obligasyon, obligasyon depay, fon mityèl, kont retrèt endividyèl (individual retirement accounts -IRAs) oswa lòt envestisman	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Nenpòt lajan kach nan kay la oswa nenpòt lòt kote	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>

5. Èske gen pòsyon nan lajan ou mansyone nan kesyon 4 yo ap sèvi pou peye depans fineray oswa antèman.

Si WI, sote ale nan kesyon 6.

Si NON, mete yon nan kare NON an epi ale nan kesyon 6.

OU MENM: NON MARI OSWA MADANM: NON

6. Apa kay ou ak teren kote kay la bati a, èske ou menm oswa mari oswa madanm ou, si w marye epi w ap viv avèk mari oswa madanm ou posede nenpòt byen imobilye? Ekzanp lòt byen imobilye se kay pou ete, pwopriyete lwayaj, oswa te ki pa bati ou posede ki separe ak kay ou.

WI NON

7. San konte ou menm ak mari oswa madanm ou, konbyen manm fanmi ou k ap viv avèk ou ki depann de ou oswa mari oswa madanm ou pou bay **omwen mwatye** sipò finansye? Nou konte fanmi ki gen relasyon san, relasyon maryaj oswa adopsyon.

Mete yon nan yon sèl kaz. **Pa konte tèt ou oswa mari oswa madanm ou nan kantite sa a.** Si kay ou sèlman genyen ou menm oswa oumenm ak mari oswa madanm ou, mete you nan kaz ki di OKENN nan.

OKENNOKENN 1 2 3 4 5 6 7 8 9 oswa plis



8. Si ou menm oswa mari oswa madanm ou, si w marye epi n ap viv ansanm resevwa **revni** nan nenpòt sous ki nan lis anba a, ou dwe reponn kesyon sa a pou nou toulede. Tanpri mete kantite total PA MWA a. **Si montan an chanje chak mwa oswa si w pa resevwa li chak mwa, antre revni mwayen an pa mwa pou ane pase pou chak kalite** ki nan kaz apwopriye yo Pa rapòte salè ak travay endepandan, enterè, asistans piblik, ranbousman medikal oswa peman swen pou timoun adoptif la a. Si ou menm oswa mari oswa madanm ou pa resevwa revni nan okenn lòt sous ki nan lis anba a, mete yon nan kaz OKENN nan.

		Benefis pa mwa
• Benefis Sekirite Sosyal anvan dediksyon.	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Benefis Retrèt Ray Tren anvan dediksyon.	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Benefis pou veteran anvan dediksyon.	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Lòt pansyon oswa anwite anvan dediksyon. Pa mete lajan ou resevwa nan okenn sous ou te mete nan kesyon 4 la.	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>
• Lòt revni ki pa nan lis anwo a, avèk tou pansyon alimantè, revni nèt nan lwaye, konpansasyon travayè, peman prive oswa leta pou moun andikape (disabilite), elatriye. Endike _____	<input type="checkbox"/> OKENN	\$ <input type="text"/> <input type="text"/> , <input type="text"/> <input type="text"/> <input type="text"/> . <input type="text"/> <input type="text"/>

9. Èske nenpòt kantite lajan ou mete nan kesyon 8 la diminye pandan de (2) dènye ane yo?

WI NON

Si ou te travay nan de ane ki sot pase yo, w ap bezwen reponn kesyon 10-14. Si ou marye oswa epi w ap viv ak mari oswa madanm ou epi nenpòt nan nou te travay nan de ane ki sot pase you, ou bezwen reponn kesyon 10-14. Sinon, sote al nan kesyon 15.

10. Konbyen kòb ou prevwa w ap fè nan sale avan taks ak dediksyon nan ane sivil sa a.

OU MENM: OKENN \$, .

EPOU OKENN \$, .



11. Konbyen lajan ou prevwa w ap fè nan salè apre taks oswa nan pèt nan travay endepandan ou pou ane sa a? Mete yon nan kaz **OKENN** si w pa yon travayè endepandan epi ale nan kesyon 12.

OU MENM: **OKENN** \$, .

MARI OSWA MADANM: **OKENN** \$, .

Mete yon la a si ou menm oswa konjwen ou prevwa yon pèt total.



OU MENM: **MARI OSWA MADANM:**

12. Èske kantite lajan ou mete nan kesyon 10 oswa 11 la te diminye nan de (2) dènye ane yo?

WI **NON**

13. Si ou menm oswa mari oswa madanm ou te sispann travay an 2010 oswa 2011, oswa si nou planifye pou sispann travay an 2011 oswa 2012, antre mwa a ak ane a.

OU MENM: **MWA ANE**

MARI OSWA MADANM: **MWA ANE**

★ EKZANP

Pou mwa janvyè jiska mwa septanm, mete yon zewo (0) nan premye kaz la. Mwa me 2010 ta dwe li konsa:

MWA ANE

Si w gen mwens ke 65 kan, reponn kesyon 14. Si w marye epi w ap viv ansanm avèk mari oswa madanm ou epi youn nan nou poko gen 65 ane, ale nan kesyon 14. Sinon, sote ale nan kesyon 15.

14. Èske ou menm oswa mari oswa madanm ou gen pou peye pou atik ki pèmèt nou travay? N ap konsidere sèlman yon pati nan salè ou kòm limit revni si w travay epi ou resevwa benefis Sekirite Sosyal selon yon andikap (disabilite) oswa poutèt ou avèg epi ou fè depans ki asosye avèk travay san w pa jwenn ranbousman. Men egzanp depans sa yo: frè tretman medikal ak medikaman pou maladi SIDA, kansè, depresyon oswa epilepsi; yon chèz woulant; sèvis swen pèsònèl; chanjman veyikil, èd chofè oswa lòt bezwen transpò ki asosye ak travay; teknoloji pou bay èd ki asosye ak travay; depans pou chen gid; èd pou sans ak vizyon; epi tradiksyon an Bray.

OU MENM: **WI** **NON**

MARI OSWA MADANM: **WI** **NON**

15. **Enfòmasyon konsènan Pwogram Epay Medicare:** Ou ka pa an mezi pou ou jwenn èd nan eta ou abite a pou pri Medicare nan Pwogram Epay Medicare la. Pou ou komanse pwosesis aplikasyon ou pou Pwogram Epay Medicare la, Sekirite Sosyal ap voye enfòmasyon ki nan fòm sa a bay eta ou a amwenske ou di nou non. **Si ou vle gen ed nan Pwogram Epay Medicare la pa ranpli kesyon sa a. Sèlman siyen aplikasyon an epi mete dat la epi eta kote ou abite a ap kontakte ou.**

Si ou **pa** enterese pou ou aplike pou Pwogram Epay Medicare la, mete yon nan bwat anban a.

Pa voye aplikasyon an bay eta a.



Siyati

ENFÒMASYON KI ENPÒTAN - SILVOUPLÈ LI LI AVÈK ATANSYON

Mwen/Nou rekonèt Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ap verifye deklarasyon mwen/nou yo pou li konpare dosye li yo avèk dosye biwo gouvènman federal, gouvènman leta ak gouvènman lokal, avèk tou Internal Revenue Service (IRS) pou asire desizyon an kòrèk.

Depi w soumèt aplikasyon sa a, mwen/nou otorize SSA jwenn epi divilge enfòmasyon ki asosye avèk revni, resous ak byen Ozetazini ak nan peyi etranje mwen/nou genyen, ki annakò avèk lwa pou pwoteksyon zafè moun ki aplikab. Enfòmasyon sa yo ka genyen, men pa sèlman, enfòmasyon sou salè, balans kont, envestisman, kontra asirans, benefis ak pansyon mwen/nou.

Amwenske mwen reponn “Non” pou kesyon 15, mwen/nou otorize SSA pou devwale bay eta a enfòmasyon finansye ki anle a ak lot enfòmasyon endividuel nan dosye a ki ka idantifye mwen/nou, tankou non mwen/nou, date de nesans, sèks, ak nimewo sekirite sosyal ki komanse ak aplikasyon.

Mwen/nou deklare sou penalite pou fo temwanyaj mwen/nou ekzamine tout enfòmasyon sou fòm sa a epi li vrè e korèk dapre pi bon konesans mwen/nou genyen.

Tanpri ranpli Seksyon A. Si w pa kapab siyen, yon reprezantan ka siyen pou ou. Si yon moun te ede ou, ranpli Seksyon B tou.

Seksyon A

Siyati ou:	Dat:	Nimewo telefòn: (_____) _____ — _____
Siyati Mari oswa Madanm ou:	Dat:	
Adrès Postal ou:		# Apatman:
Vil:	Eta:	Kòd postal:

Si w te chanje adrès postal ou nan twa (3) dènye mwa yo, mete yon la:

Si w pi pito nou kontakte yon lòt moun si nou ta gen lòt kesyon, tanpri ban nou non moun nan ak nimewo telefòn pou kontakte li lajounen.

Prenon an Majiskil:	Non fanmi an Majiskil:	Nimewo telefòn: (_____) _____ — _____
---------------------	------------------------	--

Seksyon B

Si w ap ede yon lòt moun, tanpri mete yon X nan kaz ki dekri ki moun ou ye epi bay rè s enfòmasyon nou mande anban a.

<input checked="" type="checkbox"/> Manm Fanmi	<input checked="" type="checkbox"/> Avoka	<input checked="" type="checkbox"/> Lòt Defansè	<input checked="" type="checkbox"/> Lòt, endike: _____
<input checked="" type="checkbox"/> Zanmi	<input checked="" type="checkbox"/> Ajans	<input checked="" type="checkbox"/> Travayè Sosyal	_____

Prenon an Majiskil:	Non fanmi an Majiskil:	Nimewo telefòn: (_____) _____ — _____
Adrès :		# Apatman:
Vil:	Eta:	Kòd postal:



Lwa pou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive / Notifikasyon Diminisyon Dokiman

Seksyon 1869 *D-14 Social Security Act* (Lwa sou Sekirite Sosyal) otorize ranmasaj enfòmasyon yo mande sou fòm sa a. Enfòmasyon ou bay yo ap sèvi pou pèmèt Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) detèmine si w kalifye pou èd pou peye patisipasyon ou nan plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon. Ou pa gen obligasyon pou ban nou enfòmasyon nou mande yo. Men, si w pa bay enfòmasyon yo, nou p ap an mezi pou pran yon desizyon kòrèk nan bon moman sou aplikasyon ou. Nou ka bay enfòmasyon ki nan fòm sa a pou lòt biwo gouvènman federal, leta oswa lokal pou ede nou detèmine kalifikasyon ou pou resevwa èd siplemantè oswa si lalwa federal mande pou nou divilge enfòmasyon yo. Nou ka bezwen tou pou pataje enfòmasyon ou ak lòt pwogram SSA si SSA bezwen deside si ou elijib pou pwogram sa yo.

Nou ka sevi ak enfòmasyon ou bay you le nou ap koresponn dosye yo nan òdinate. Pwogram pou koresponn dosye yo konpare dosye nou yo avèk pa lòt biwo gouvènman federal, gouvènman leta oswa gouvènman lokal. Anpil biwo ka itilize pwogram pou koresponn dosye pou jwenn oswa pwouve yon moun ranpli kondisyon pou benefis gouvènman federal la peye. Lalwa pèmèt nou fè sa menm si w pa dakò. Gen esplikasyon ki disponib nan biwo Sekirite Sosyal yo konsènan rezon sa yo ak lòt rezon ki fè enfòmasyon ou ba nou yo ka itilize oswa divilge nan biwo Sekirite Sosyal. Si w vle konnen plis sou sa, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

Deklarasyon Lwa pou Diminisyon Dokiman — Ranmasaj enfòmasyon sa yo satisfè kondisyon 44 U.S.C. § 3507, selon amannman nan seksyon 2 *Lwa 1995 pou Diminisyon Dokiman*. Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo sof si nou bay yon nimewo valid Biwo Jesyon ak Bidjè. Nou estime sa ap pran apeprè 30 minit pou li enstwiksyon yo, ranmase enfòmasyon yo epi reponn kesyon yo. Ou ka voye kòmantè sou estimasyon tan an anba a bay: SSA, 6401 Security Blvd., Baltimore, MD 21235-6401. **Voye sèlman kòmantè ki gen pou wè ak estimasyon tan nou nan adrès sa a, men pa voye fòm ou ranpli a.**

VOYE FÒM RANPLI A BAN NOU NAN ADRÈS KI SOU ANVLÒP KI TOU GEN ADRÈS RETOU A:

**Social Security Administration
Wilkes-Barre Data Operations Center
P.O. Box 1020
Wilkes-Barre, PA 18767-9910**